



PATI I: OTORIZASYON POU DIVILGASYON ENFÒMAYON YO

Enfòmasyon Kliyan

Non*:	_____	Dat Nesans:	_____
Non*:	_____	Dat Nesans:	_____
Non*:	_____	Dat Nesans:	_____
Non*:	_____	Dat Nesans:	_____

**Pou moun enfòmasyon yo pral divilge avèk/oswa resevwa*

Enfòmasyon Moun kap Resevwal la

I, _____, (tanpri antoure **youn:** tèt mwen/paran/gadyen/custodian), **bay konsantman pou yon reprezantan otorize Depatman Sèvis pou Timoun, Jèn, ak Fanmi yo (DSCYF) pou:**

Tanpri mete ***inisyèl ou yo sou liy ki apwopriye a/yo epi tcheke bwat apwopriye (yo) a***

_____ **divilge** enfòmasyon kliyan an bay moun sa a oswa reprezantan òganizasyon otorize sa a:

_____ **resevwa enfòmasyon kliyan nan** men moun sa a oswa reprezantan òganizasyon otorize sa a:

- Paran/Gadyen: _____
- Founisè Tretman Sibstans (tanpri presize): _____
- Lekòl (tanpri presize): _____
- Konséy Legal (Non): _____
(Enfòmasyon pou Kontakte): _____
- Doktè Swen Prensipal: _____
- Lòt (tanpri presize): _____
- Lòt (tanpri presize): _____
- Lòt (tanpri presize): _____

Objektif echanj enfòmasyon sa a se pou bay sèvis oswa reprezantasyon pou kliyan an oswa pou prezante dosye kliyan an nan tribinal.

Deskripsyon Enfòmasyon pou yo divilge yo

Enfòmasyon ki pou divilge yo: Tout enfòmasyon, ki gen ladan men pa limite a: enfòmasyon edikatif, medikal avèk dyagnostik ak tretman sante mantal (kit yo vèbal, ekri, oswa elektwonik). Enfòmasyon ki gen rapò ak bagay konfidansyèl sa yo pa pral divilge bay reprezantan ki pa nan DSCYF sof si lalwa egzije sa oswa si li klèman endike anba a: sendwòm defisyans iminitè akéri (SIDA), oswa viris iminodefisyans imen (VIH), maladi ki transmèt seksyèlman, tibèkiloz, epatit C, oswa enfòmasyon jenetik. *(Tanpri itilize espas ki anba a pou presize nenpòt lòt enfòmasyon pou yo divilge oswa pou eskli):*

Enfòmasyon sou Twoub Itilizasyon Sibstans pou yo Divilge: Tout enfòmasyon, ki gen ladan men pa limite a: evalyasyon ak pwogrè tretman, tèz dwòg, ak rezime sòti (kit yo vèbal, ekri oswa elektwonik).

Otorizasyon pou divilgasyon enfòmasyon sou twoub itilizasyon sibstans mande yon siyati separe anba Pati II fòm sa a. *(Si sa aplikab, tanpri itilize espas ki anba a pou presize nenpòt lòt enfòmasyon sou twoub itilizasyon sibstans ki ka divilge oswa ki dwe eskli):*

Deskripsyon Enfòmasyon pou divilge kontni

Tanpri divilge enfòmasyon ki dekri pi wo yo bay moun ki idantifye pi wo a oswa reprezantan òganizasyon otorize a. Mwen konprann mwen ka enspekte oswa fè kopi enfòmasyon ki divilge yo epi mwen ka mande yon lis moun yo te pataje enfòmasyon mwen yo avèk yo, jan sa prevwa nan 45 CFR §164.524 ak 42 CFR 2.13.

Mwen konprann tou ke rapò avèk/oswa dokiman ki soti nan founisè twazyèm pati ki pa gen kontra ak DSCYF oswa divizyon li yo pap divilge anba otorizasyon sa a, epi yo dwe mande yo dirèkteman nan men founisè twazyèm pati sa yo.

Yo fè mwen konnen ke menm san otorizasyon ki siyen sa a, Lwa sou Portabilite avèk Responsablite Asirans Sante (“HIPAA”) pèmèt pataj enfòmasyon sante pwoteje, san otorizasyon kliyan an, pou rezon tretman, peman, avèk operasyon.

Mwen konprann otorizasyon pou divilgasyon enfòmasyon sa a se yon bagay volontè. Mwen ka refize siyen otorizasyon sa a. Mwen pa bezwen siyen fòm sa a pou kliyan an ka resevwa tretman sante mantal. Si kliyan an resevwa tretman pa DPBHS, y ap bezwen yon otorizasyon separe pou detèmine si kliyan an kalifye pou sèvis ak benefis yo.

Mwen konprann tou ke yon fwa enfòmasyon yo divilge, gen posibilite pou yo re-divilge yo san otorizasyon mwen, sa ki pral fè règ konfidansyalite federal yo pa pwoteje yo ankò. Si mwen gen nenpòt kesyon sou divilgasyon enfòmasyon kliyan an, mwen ka kontakte Ofisye Konfidansyalite DSCYF la.

Kijan pou revoke otorizasyon sa a pou divilgasyon enfòmasyon:

Mwen konprann ke mwen kapab revoke otorizasyon sa a, a lekri, nenpòt lè anvan dat ekspirasyon li. Sepandan, revokasyon an pap kapab aplike pou enfòmasyon ki deja divilge baze sou otorizasyon sa a. Mwen konprann mwen kapab voye demann revokasyon mwen bay Ofisye Konfidansyalite DSCYF la pa imèl ki voye bay: DSCYF_Revocations@delaware.gov oswa lè mwen vizite seksyon Ofisye Konfidansyalite Depatman an sou sit entènèt sa a: <https://kids.delaware.gov/information/request-department-records/>.

Dat Ekspirasyon

Otorizasyon sa a pou divilgasyon enfòmasyon an valab pou:

- 365 jou apati dat siyati ki anba a; sof si li mwens pase yon ane epi li espesifye anba a
- (Tanpri endike dire divilgasyon an) _____

Tèt mwen /Paran/Gadyen Siyati

Ekri Non an

Dat

PATI 2: OTORIZASYON ADISYONÈL POU DIVILGASYON ENFÒMASYON SOU TWÒB ITILIZASYON SIBSTANS

Mwen konprann ke mwen kapab revoke otorizasyon sa a pou divilgasyon enfòmasyon sou itilizasyon sibstans kliyan an, a lekri oswa vèbalman bay Ofisye Konfidansyalite DSCYF la, nenpòt lè anvan dat ekspirasyon li. Mwen konprann ke revokasyon an pap aplike pou enfòmasyon ki deja divilge sou baz otorizasyon sa a.

Mwen konprann ke règ federal yo limite nenpòt itilizasyon enfòmasyon sou twoub itilizasyon sibstans pou envestige oswa pouswiv kriminel, pasyan ki gen pwoblèm alkòl oswa dwòg. Mwen konprann ke nenpòt enfòmasyon ki gen rapò avèk sèvis oswa tretman pou twoub itilizasyon sibstans pwoteje anba dispozisyon konfidansyalite 42 CFR Pati 2 epi yo pa kapab divilge ankò san konsantman alekri, sof si otorizasyon sa a bay sa klèman oswa lalwa 42 CFR Pati 2 pèmèt li. **Mwen konprann ke siyati ki anba yo otorize divilgasyon dosye twoub itilizasyon sibstans kliyan an, jan yo dekri avèk presizyon nan Pati I nan otorizasyon sa a.**

Tèt mwen/Paran/Gadyen Siyati

Ekri Non an

Dat

Siyati Minè (Si laj la se 14 oswa plis)

Ekri Non an

Dat

Kliyan an ap resevwa yon kopi otorizasyon sa a ki siyen.

Yon kopi otorizasyon sa a ap gen menm fòs avèk efè ak otorizasyon orijinal la.

Kote pou voye dosye ke yo te mande yo:

Pa voye dosye yo nan imèl Revokasyon yo. Revize demann dosye a pou enstriksyon sou kontak. Si ou pa si kote pouw voye dosye yo, kontakte Divizyon DSCYF ki fè demann nan pou jwenn gid.